

WILL of GOD 316

Kados pundi kula mangertosi kersanipun Gusti?

"Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahane Gusti Allah, aku pitutur marang kowe, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparenge Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati." Roma 12:2

Mangertosi lan nglakoni kersanipun Allah sangeta penting. Dadosa kados Yesus. Panjenenganipun ngendika bilih Panjenenganipun rawuh ing Bumi, *"Sabab anggonku tumurun saka swarga iku ora supaya nglakoni karepku dhéwé, nanging karsané kang ngutus Aku,"* Yohanes 6:38. Sabageyan ageng kersanipun Allah kangge kagem sedaya tiyang pracaya kanthi cara ingkang sami. Nanging Allah kagungan kersa ingkang khusus kagem tiyang ingkang pracaya kanthi alon-alon Panjenenganipun ngungkapaken proses tuwuhipun panjenengan lebet lelampahan kaliyan Panjenenganipun kanthi kasetyan sadinten-dinten. Panjenengan saged mangertosi kersanipun Gusti. Panjenenganipun badhe maringi panjenengan pangerten. *"Kumandela marang Pangeran Yehuwah klawan gumolonging atimu, lan aja sumendhe marang pangretenmu dhewe. Ing salaku-lakumu ngakonana Panjenengane, temah Panjenengane bakal ngrencengake dalanmu,"* Amsal 3:5-6. Panjenengan pirsia kersanipun umum Allah kagem sedaya tiyang pracaya saking Alkitab. Panjenengan pirsia kersanipun Gusti ingkang khusus dados kombinasi ingkang mboten pisah saking Firmanipun Gusti lan kauripan ingkang manut lan setya. Saking dhasar kamanutan puniku, Panjenengan saged namtokaken lan manuti kersanipun Gusti kagem Panjenengan. Nyuwuna marang Bapa. Nggolekana pitedahsaking Firmanipun Gusti, hikmahipun Gusti, umatipun Gusti, lan tentremipun Gusti. Nalika panjenengan pirsia kersanipun Gusti, manutana Gusti.

KERSANIPUN ALLAH INGKANG UMUM. Sabageyan ageng kersanipun Allah ingkang umum wonten lebet parentah, prinsip, lan conto-conto Alkitab. Alkitab punika sumber utama kangge mangertosi kersanipun Allah kagem gesang panjenengan. *"Pangandika Paduka punika dilah wonten ing ngajengipun suku kawula, sarta pepadhanging margi kawula,"* Mazmur 119:105.

1. Parentah-parentah. Wonten kathah parentah lebet Alkitab kagem sedaya tiyang pracaya, kados, *"Bebungaha saben dinten; ndedongaa tanpa mandheg; lebet sedaya bab ucapaken sukur, amargi punika kersanipun Allah kagem panjenengan lebet Kristus Yesus,"* 1 Tesalonika 5:16-18. Lan *"Amargi punika kersanipun Allah...supados panjenengan ngadohaken awak saking tumindak awon,"* 1 Tesalonika 4:3. Yesus ngendika, *"Yen panjenengan asih marang Kula, panjenengan bakal mituruti parentah-parentah Kula,"* Yohanes 14:15. Mangertosi konteks parentah-parentah kasebat. Allah ngengken Nuh mangun kapal, Kadadeyan 6:14. Allah mboten ngengken panjenengan kangge nglakoni puniku. Allah ngengken Daud kangge tindak menyang wonten Hebron, 2 Samuel 2:1. Allah mboten ngengken panjenengan kangge nglakoni puniku. Ampun mendhet parentah ing njaba pangandikanipun.

2. Prinsip-prinsip. Wonten prinsip-prinsip Alkitab ingkang saged panjenengan ndhereki. Prinsip pangaturan ingkang sae wonten lebet Lukas 16:1-13. Rega dados murid wonten ing pungkasan Lukas 14. Prinsip madosi tiyang ingkang ical wonten lebet tiga paribasan ing Lukas 15. Ndhareki prinsip-prinsip puniki lan prinsip-prinsip liya lebet Alkitab.

3. Conto. Parentah lan prinsip Alkitab maringi panjenengan kersanipun umum Allah kagem gesang panjenengan. Alkitab isinipun conto-conto kangge kita ndhereki. Conto paling sae punika kauripan Yesus. Sakwise mbasuh sikilmurid-muridipun, Yesus ngendika, *"Amarga kula sampun maringaken tuladha kagem panjenengan, supados panjenengan ugi tumindak kados ingkang sampun Kula lakoni kagem panjenengan,"* Yohanes 13:15. Kita kedah ndherek tuladha manahipun Gusti, Filipi 2:3-5. Kita Kedah mlampah ing dalanipun Gusti, *"Amargi kangge punika panjenengan dipuntimbali, sebab Kristus ugi sampun samsara kagem panjenengan, sahingga Panjenenganipun nilaraken tuladha kagem panjenengan kangge panjenengan ndhereki,"* 1 Petrus 2:21. *"Kanthi puniki kita mangertosi bilih kita wonten ing lebet Panjenenganipun; sinten ngendika bilih Panjenenganipun manggen ing lebet Gusti, panjenenganipun piyambak Kedah tindak sami kados Gusti tindak,"* 1 Yohanes 2:5-6.

PAMELING. Gusti mboten ngapusi, Mazmur 119:160. Gusti mboten badhe nuntun panjenengan, utawi ngengken panjenengan, kangge mboten manuti Firmanipun Gusti. Yesus maringaken pamimpin kangge njangkepi kita, Efesus 4:11-14. Nanging, wonten kathah guru palsu, 2 Timotius 4:3-4. Ampuna nate pracaya bilih Gusti ngengken panjenengan kangge mboten manuti Firmanipun Gusti. Gusti mboten badhe nate nglakoni puniku. Yen wonten pamimpin greja ngengken panjenengan kangge mboten manuti Firman Gusti, puniku ajaran palsu.

KERSANIPUN ALLAH INGKANG KHUSUS KANGGE SABEN TIYANG. Allah kagungan kersa khusus kagem tiyang ingkang pracaya, Mazmur 32:8, Amsal 3:5-6. Manutana kersanipun umum Allah. Banjur, kangge mangertosi kersanipun khusus Allah, nyuwuna kanthi tenanan marang Allah supados Panjenenganipun maringi pirs kangge panjenengan. Padosana wangsulan saking firmanipun Allah, hikmatipun Allah, umatipun Allah, lan tentrem santosanipun Allah.

Nyuwun pangertosan. Panjatakan donga Daud, *"Wulangaken kula nglakoni kersanipun Panjenengan,"* Mazmur 143:10. Rasul Paulus ndedonga supados tiyang-tiyang pracaya ing Kolose *"dikebaki kanthi elmu bab kersanipun Allah,"* Kolose 1:9. Donga panjenengan ingkang tenanan kangge panjenengan piyambak lan tiyang sanes kedahipun punika kangge mangertosi lan nglakoni kersanipun Allah.

Angsalana bimbingan. Allah nyatakaken kersani pun ingkang piyambakan liwat firmanipun, hikmatipun, umatipun, lan tentrem santosanipun. Nyuwuna marang Allah liwat Panjenenga nipun nyatakaken kersanipun kangge panjenengan. Panjenenganipun badhe mangsuli donga panjenengan liwat:

1. Firmanipun. Mangertosi kersanipun Allah ingkang asipat piyambak punika asil saking nyinaoni Alkitab kanthi ajeg. Kersanipun Allah kagem panjenengan dados cetha sairing panjenengan angsal hikmat lan pangerten saking firmanipun Allah. Panjenenganipun mboten badhe nate nuntun panjenengan kangge nglakoni bab ingkang lelawanan kaliyan Firmanipun.

2. Hikmatipun. Hikmat Allah asalipun saking kadewasaan rohani, 1 Korintus 2:14-15. *"Ampuna panjenengan awujud donya puniki, nanging kedaha panjenengan diowah dening pangenggalan pamikiran panjenengan, supados panjenengan saged mbuktikaken punapa kersanipun Allah, yaiku ingkang sae lan ingkang katampi lan ingkang sampurna,"* Roma 12:2. Nyuwuna hikmat marang Allah. *"Yen wonten ing antawis panjenengan ingkang kakirangan hikmat, nyuwuna marang Allah, lajeng puniku badhe diparingaken marang panjenengan,"* Yakobus 1:5.

3. Umatipun. Umat Allah punika sumber daya kangge mangertosi kersanipun Allah. Panjenenganipun ingkang mulangaken Firmanipun kanthi leres liwat pangandikan utawi nulis saget ngewangi, Kolose 1:28. Punika sae kangge ngangsalaken pitutur saking tiyang pracaya ingkang sepuh. Luwih saking setunggal panutur punika pamikiran ingkang sae, *"Tanpa rembugan, rencana-rencana dados kabucal, nanging kanthi kathah panutur, rencana-rencana kasil,"* Amsal 15:22. Tiyang pracaya ingkang sepuh mbotena sampurna, nanging panjenenganipun saget maringi panjenengan elmu ingkang sae kangge ngewangi panjenengan namtokaken kersanipun Allah.

4. Tentrem Santosa nipun Allah. Tentrem santosanipun Allah punika panegesan pungkasan saking kersanipun Allah ingkang piyambakan, *"Jarke tentrem santosa Kristus marentahaken lebet manah panjenengan,"* Kolose 3:15. *"Lan tentrem santosa Allah ingkang ngliwati sedaya pangerten, badhe njaga manah panjenengan lan pamikiran panjenengan lebet Kristus Yesus,"* Filipi 4:7. Tentrem santosa punika punika raos kaleresan ingkang jero ingkang diparingaken Allah bab setunggal kaputusan ingkang ndhereki donga, nyinaoni Alkitab, hikmat rohani, lan wawasan saking para panutur ingkang sepuh kanthi rohani. Padosana lan entenana tentrem santosanipun Allah.

Tumindak. Nalika panjenengan nyuwun pirs punapa sesuatu punika kersanipun Allah, wangsulanipun mungkin "mboten" kados ingkang dialami Paulus, 2 Korintus 12:7-10. Mungkin ugi "tengga". Wangsulanipun awujud "entenana" saged ngasilaken berkat ingkang ageng, Yesaya 40:31. Nalika wangsulan Allah punika "nggih", lakonana kersanipun Allah mesthine puniku ángel, mboten terkenal, utawi awis. Kita Kedah remen nglakoni kersanipun Allah saking manah kita, Mazmur 40:8, Efesus 6:5-6. Ngati-atia marang wangsulan palsu ingkang diulangaken atas asma kekristenan. Manutana nalika panjenengan yakin mangertosi kersanipun Allah.

Kadospundi Kula Mangertosi Kersanipun Gusti? © 2026 dening John D. Morris III dimedaken dening Act One Eight. Panjenengan bebas nyithak, nyalin, ngeposaken, ngirim email, utawi ngirim pesen kanthi konten ingkang mboten owah kalebet pranyatan jangkep puniki. Panjenengan saged nambahaken nami utawi logo paladosan utawi greja panjenengan ing bagéyan inggil kaca setunggal lan nambahaken pawartos kontak panjenengan ing inggil garis Kandel ing cedhak bagéyan ngandhap kaca kalih. WillofGod316.org dipundasaraken namung wonten Alkitab. Tujuwanipun punika kangge ngewangi tiyang pracaya nemokaken kersanipun Gusti. Panjenengan saged ngirimaken ckariyos Para Rasul Setunggal Wolu (lebet basa Inggris yen mungkinaken) liwat email wonten: Hello@Mail316.org. Ladosan panerjemahan dipunsedhiyakaken dening www.ChristianLingua.com. *Kadospundi Kula Mangertos Kersanipun Gusti?* kasedhia lebet sekawan dasa wolu basa kanthi gratis ing www.WillofGod316.org. Pethikan Alkitab lebet versi basa Inggris dipendhet saking New American Standard Bible 1995 kagunganipun The Lockman Foundation. Pethikan Alkitab lebet terjemahan puniki dipendhet saking versi basa Inggris dipendhet saking New American Standard Bible 1995 kagunganipun The Lockman Foundation. Pethikan Alkitab lebet terjemahan punika dipendhet saking